



PEMERINTAH KOTA BOGOR
DINAS PENDIDIKAN
SEKOLAH DASAR NEGERI CIBULUH 4
KECAMATAN BOGOR UTARA

Jl. Ciburial RT 04/04 Kel. Ciparigi Bogor 16157 Telp. (0251) 8664194
 NPSN 20220082 NSS 10 1 02 61 01 032

PENILAIAN TENGAH SEMESTER (PTS) GENAP
TAHUN PELAJARAN 2020/2021

MUATAN PELAJARAN : BAHASA SUNDA
KELAS : VI (ENAM)

HARI / TANGGAL : KAMIS, 18 MARET 2021
WAKTU : JAM KE - 2

No. Absen	Nama Siswa	Nilai	Paraf Guru	Paraf Orang Tua

Ieu dihandap aya carita pondok, pèk baca dina jero haté!

Ékonomi Kréatif Tasikmalaya
(ku: Jarkasih)

Kota Batik kuduna mah lain julukan keur kota Pekalongan, Jawa Tengah, tapi keur kota Tasikmalaya, Jawa Barat. Naha? Industri batik di Tasikmalaya geus mekar ti taun 1900-an mula. Diadegkeunana Koperasi Mitra Batik dina tanggal 17 Januari 1939 némbongkeun tumuwuhna industri batik di Tasikmalaya mesat pisan nepi ka perlu wadah organisasi pengusaha.

Munggaran antara taun 1960-an – 1970-an anggotana ngahontal 20 urang. Beuki lila jumlah anggotana beuki loba waé. Jaman Jepang, Mitra Batik angger nagen. Kitu deui jaman révolusi. Nguniangna pisan ti awal taun 1950-an. Antara taun 1960-an – 1970-an industri batik di Tasikmalaya ngahontal kajayaanana. Ngan ti mimiti taun 1980-an, batik di Tasikmalaya kakalicesan, kasaéngan ku batik buatan pabrik. Batik mémang henteu idéntik jeung Jawa. Dina naskah titinggal abad ka-16, Siksa Kandang Karesian, disebutkeun sababaraha corak batik, di antarana pupunjengan, hihinggulan, alas-alasan, memetahan, sisirangan, tarukhata, kembang taraté jeung urang-urungan. Ti tatar Sunda kapanggih kaén batik nu umurna antara 200 taun nepi ka 300 taun.

Anu nasibna méh sarua jeung batik: payung geulis. Taun 1980 ka handap nu nyarieunan payung geulis ubyag pisan. Tapi sabada mahabuna payung buatan Jepang, payung geulis muguran. “Ayeuna nu angger ngaproduksi payung geulis mung ukur di Panyingkiran, Indihiang,” ceuk Lili. 70 taun, nu taun 1970-an sok nyieunan paying geulis.

Nasib payung geulis kitu patojaiah jeung dipakéna gambar paying geulis dina logo atawa lambang pamaréntahan Kota Tasikmalaya.

Ngandung harti payung geulis geus dijadikeun ikon Tasikmalaya.

Bangunan terminal Tasik, mun ditempo ti kaanggangan, bentukna siga payung geulis.

Kumaha nasib ékonomi kréatif séjénna? Kelom, sendal nu dijieun tina kai jeung digambaran perkembangan, sendal husus keur wanoja, kaayaanana henteu matak gumbira, teu kawas taun 1980-an ka handap. Kelom teu mampuh ngayonan sendal buatan pabrik. Ayeuna nu masih nyieunan kelom bisa diitung ku ramo, henteu kawas bareto. Bubuhan rancagé, kakalicesanana payung geulis, kelom jeung batik teu mugagkeun urang Tasikmalaya. Di antarana arusaha kana bordir, mukena jeung tiung. Bordir di Tasikmalaya geus maké mesin nu dijalankeun ku program komputer. Di pabrik bordir, mesin-mesin border téh ngabordir sorangan.

Bordir Tasikmalaya mun teu diperhatikeun ti ayeuna mula ka hareup mah nasibna bisa saperti batik, payung geulis atawa kelom.

Pangusaha-pangusaha ti Jawa geus réa nu marawa urang Tasik nu geus ahli kana bordiran, sina digawé di ditu. Di Kudus, Jateng, deukeut Munara Kudus, upamana geus ngadeg pusat produksi bordiran nu karyawanna kabéh ogé urang Tasik.

(Tina: Galura, édisi minggu III Oktober 2013)

I. Béré tanda cakra (x) dina aksara a, b, c, atawa d di hareupeun jawaban nu bener!

1. Kota Batik kuduna mah lain julukan keur kota Pekalongan, Jawa Tengah, tapi keur kota Tasikmalaya, Jawa Barat, ku sabab
 - a. Industri batik di Tasikmalaya geus mekar ti taun 1900-an
 - b. Industri batik di Tasikmalaya leuwih alus
 - c. Industri batik di Tasikmalaya leuwih gedè
 - d. Nu ngajieunna orang Tasikmalaya
2. Koperasi Mitra Batik diadegkeunana ti tanggal
 - a. 7 Januari 1939
 - b. 27 Januari 1939
 - c. 17 Januari 1939
 - d. 1 Januari 1939
3. Industri batik di Tasikmalaya ngahontal kajayaan, nyaéta antara taun
 - a. 1950-an - 1960-an
 - b. 1960-an - 1970-an
 - c. 1970-an - 1980-an
 - d. 1980-an - 1990-an
4. Industri batik di Tasikmalaya mundur ti mimiti taun
 - a. Taun 1980-an
 - b. Taun 1970-an
 - c. Taun 1960-an
 - d. Taun 1950-an
5. Anggota di Koperasi Mitra Batik di Tasikmalaya aya Urang.
 - a. 5 urang
 - b. 10 urang
 - c. 15 urang
 - d. 20 urang
6. Duit nu dipake pikeun ngamimitian usaha, yaéta
 - a. Modal
 - b. Bati
 - c. Harga
 - d. komisi

7. Geura tengetan rupa-rupa istilah tina dagang di handap iwal ti
 - a. Agen
 - b. Merek dagang
 - c. Faktur
 - d. Kartupos
8. Kauntungan duit tina dagang disebutna
 - a. Modal
 - b. Harga
 - c. Agen
 - d. Bati
9. Tanda baca panyeluk nyaéta
 - a. (?)
 - b. (,)
 - c. (!)
 - d. (:)
10. Harti pribahasa "Cikaracak ninggang batu laun laun jadi leugok", yaéta
 - a. Cai dina batu gede
 - b. Batu legok kucai gede
 - c. Usaha gede kucai jadi legok
 - d. ari ku leukeun mah, laun-laun jadi bisa
11. Dihandap ieu, mana kécap anu kaasup istilah kécap sawandana (sinonim) nyaéta
 - a. Akar
 - b. Deg-degan
 - c. béca
 - d. domba

Baca wawancara dihandap!

Hiji mangsa Galih jeung Galuh lanceukna ngawawancara tukang combro.

Pék baca ku hideup wawancara antara Galih Galuh jeung Mang Didin!

Galuh : Assalamu'alaikum, Mang Didin,...!

Mang Didin : Wa'alaikumsalam, eh Galuh jeung Galih.

Galih : Mang abdi teh gaduh tugas ti Bu guru, kedah ngawawancara ngeunaan combro, tiasa ngabantu mang?

Mang Didin : Oh kitu..., manga ari diperyogikeun mah

Galih : Mang ari ieu combro the mamang ngadamel nyarira?

Mang Didin : Muhun jang ngan sok dibantuan ku istri mamang di bumi

Galuh : trus ari untungna sabaraha sapoé na mang?

Mang Didin : ah... mun diitung hitung mah alhamdulillah dua puluh rébu mah sapoé tara hésé.

Mang Didin : ngomong ngomong ieu tugas the nu saha?

Galih : tugasna Galuh mang, da abdi mah ngan mantuan

Mang Didin : Nah kitu ari jeung adi lanceuk the kudu silih tulungan tur rukun

Galuh : Muhun, tos atuh mang ari kitu mah hatur nuhun waktosna
Assalamu'alaikum ...

Mang Didin : Mangga sawangsulna, wa'alaikumsalam.

12. Dina wawancara diluhur, pelaku wawancara yaéta
- Galih
 - Galuh jeung Mang Didin
 - Galih Galuh Jeung Mang Didin
 - Tukang combro
13. Narasumber anu diwawancara teh yaéta,
- Galih
 - Galih jeung Mang Didin
 - Tukang combro jeung Galuh
 - Mang Didin
14. Tina hasil wawancara kauntungan tina dagang combro yaéta,
- Sapuluh rébu
 - Dua puluh rébu
 - Tilu puluh rébu
 - Opat puluh rébu
15. Nyien combro mang Didin sok dibantuan ku
- Anakna
 - Istrina
 - Ibuna
 - Tatangana
16. Ari manéh kunaon ujang teu daék cicing kawas
- Ucing jeung anjing
 - Hayam keur endogan
 - kalapa bijil ti cungap
 - Iodong kosong ngelentrung
17. Mana dihandap ieu anu kaasup istilah kacap bilangan, yaéta
- nu maén bal aya 6 urang
 - badminton kaasup istilah olahraga
 - vaksinasi teh diwajibkeun ku pamaréntah
 - bisa ku lantaran biasa
18. Wadah paranti ngasakkeun sangu anu dijieun tina awi, nyaéta
- Boboko
 - Hihid
 - Aseupan
 - Tampir
19. Pak guru nuju maos buku di sakola. Kecap anu ka asup Jejer yaéta ,...
- Pak guru
 - Maos
 - Buku
 - Di sakola

20. Mamah keur nyébor kekembangan di buruan. Kécap anu di cetakmiring ka asup jabatan kata

,...

- a. Jejer (subjek)
- b. Carita (predikat)
- c. Objek
- d. Katerangan.

Baca wacana dihandap sing tenget!

beurat teuing léngkah aki ngukur jalan
kota Bandung geus biasa ku aki mah diléngkahan
dibaturan ku sobat ngaran rancatan
anu rantuy digantungan barang-barang kaulinan

kakapalan kukudaan tarompét henteu tinggaleun
geus biasa unggal poé ka unggal budak nawarkeun
ujang, eulis, yeuh tingali barang aki
geura galeuh keur ameng engké di bumi

aki! abdi mah da hoyong balon
deudeuh teuing kasép di aki mah henteu aya
niupna gé aki mah geus teu kawasa
ripuh teuing da kedah nganggo tanaga
ari aki sakieu nya kakolotan

mending ogé kasép ieu yeuh kokolécéran
lamun angin muterna téh aduh ku lélét pisan
resep teuing engké ameng lulumpatan

aki! ka dieu! kétang da abdi mah moal meuli
ulah kitu kasép bet abong ka aki-aki
ceuk sepuh mah kasép ngaheureuyan téh pamali

hiji dua léngkahna teuing ku beurat
aya haté milu lewang paur umurna bret pegat
teuing di mana si aki tetep nya matuh
boa dina iuh tanjung atawa dipayung layung
ngan nu nyata kulitna asak kapoé

aki, mun ngajoprak sisi jalan saha teuing nu nulungan
aki, mun ngajoprak di jambatan di mana nya pamatuhan
aki, mun umur pegat di jalan saha anu ngarawatan
aki! aki! rék ka mana lamun panonpoé saré

(Dicutat tina *Sipatahun*, Nopémber 1960)

II. Eusian titik-titik di handap ieu ku jawaban anu bener!

21. Dina sajak diluhur nyaritakeun aki téh aya di kota
22. Nu dilampahkeun ku aki unggal poé nyaéta
23. Nu maturan aki dina sajak téh nyaéta
24. Dina istilah perdagangan Rugi téh nyaéta
25. Bati sarua hartina jeung
26. Kadaharan urang sunda mah teu jauh ti lalap jeung sambel. Lalap sarua hartina jeung
27. "Udin meuli béas lima kilo di warung uda". Anu ka asup kana kécap bilangan téh yaéta
28. Saha nu hayang ... sakola?
Kecap pananya anu luyu pikeun nganggeuskeun kalimat di luhur, yaéta
29. Tempat jelema anu daragang ditempat anu geus ditetapkeun, yaéta
30. Manusa téh makhluk Gusti Alloh anu diberé

III. Pigawé ieu soal sing luyu jeung paréntahna!**KAENDAHAN SAKOLA ABDI**

Sakola abdi ngabogaan lingkungan anu bersih sarta éndah, salian éta hawana sejuk lantaran sakola abdi ayana ditempat anu jauh tina polusi sapertos jalan raya sarta pabrik.

Sakola abdi ngabogaan halaman parkir sarta lapangan bola basket anu lumayan ageung dipayunen sakolaan. Disisina sakola abdi dipelakan ku sagala rupa macem tatangkalan anu tiasa nenangkeun hate pikeun saha wae anu ningalina.

Sakola abdi kaasup salah sahiji sakola favorit di kota Bogor, sakola abdi tos menang gelar akreditasi Sakola abdi ngabogaan 46 rohang kelas, ubin sareng sadaya rohangan dina sakola abdi sadayana atos nganggoan keramik, jadi hawana tiis komo deui lamun ti enjing mah.

Salian éta, sakola abdi ngabogaan hiji musholah ageung anu tiasa dianggoan solat ku guru sareng para siswana. Lain saukur dianggo kagiatan sholat hungkul, nanging musholah di sakolaan abdi oge kadang dianggo kagiatan sanlat lamun bulan ramadhan, sareng dijadikeun rohang praktek pikeun pelajaran agama, sapertos praktek sholat, maca alqur'an sareng liana.

Warna saragam olahraga beureum jeung hideung mangrupikeun ciri khas ti acuk sakolaan abdi. Sajaba ti éta, waktos leubeut sareng istirahat anu kalangkung téréh mangrupikeun salah sahiji ka unikan ti sakolaan abdi.

31. Tuliskeun 3 (tilu) informasi ngeunaan deskripsi diluhur!
Jawaban:

32. Tuliskeun 3 (tilu) istilah rupa-rupa dina dagangan sing jelas!

Jawaban:

33. "Hayang nyampak, kudu nyupek"

Tuliskeun harti pribahasa di luhur!

Jawaban:

34. Jieun 3 (tilu) kalimah tina kecap pagawéan!

Jawaban:

35. Jieun hiji wawancara jeung pedagang ngagunakeun basa nu jéntré sareng sopan!

Jawaban: